

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Manusa diciptakeun salaku mahluk anu miboga akal. Luyu jeung kodratna salaku mahluk sosial, manusa ngagunakeun akalna pikeun ngalakonan kahirupan. Dina kahirupanana, manusa teu leupas tina interaksi sosial pikeun lumangsungna kahirupan sarta ngungkulan sakur masalah anu aya. Pikeun nyumponan éta interaksi diperlukeun ayana media salaku perantara, saperti basa jeung karya. Basa mangrupa pakakas manusa anu digunakeun pikeun komunikasi. Ngaliwatan basa, manusa bisa nyiptakeun hiji karya. Karya anu diciptakeun ku manusa lain tanpa tujuan, tapi miboga maksud sarta tujuan nu tangtu.

Salah sahiji karya anu dihasilkeun ku manusa nya éta kasenian. Kasenian mangrupa salah sahiji unsur kabudayaan sarta sarana nu digunakeun manusa pikeun nyumponan kabutuhan sarta ngébréhkeun rasa kaéndahan. Rasa kaéndahan anu diébréhkeun ku manusa bisa ku ngaliwatan seni sora, seni tari, seni drama, atawa seni sastra. Conto nyata nya éta ayana kasenian réog dongkol anu diciptakeun ku salah sahiji warga Désa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar. Réog mangrupa kasenian karuhun Sunda baheula anu dipintonkeun mangsa panén geus réngsé, para patani tingrariung ramé sempal guyon bari balobodoran minangka suka bungah jeung miceun kacapé anu anyar kaliwat, peta kitu téh tampolana bari ditabeuhan ku naon baé anu aya di dinya asal narimbangan, lambat laun disampurnakeun maké dogdog, angklung, malah disampurnakeun ku goong. Luyu jeung kamekaran jaman sarta daya kréativitas manusa, kasenian réog teu ngan saukur ngagunakeun waditra poko dogdog tapi aya anu ngagunakeun lodong jeung kohkol saperti kasenian réog dongkol anu aya di Kota Banjar. Dongkol mangrupa singgetan tina waditra poko anu digunakeun dina ieu kasenian nya éta lodong jeung kohkol.

Lahirna kasenian réog dongkol lain ngan saukur hasil daya cipta manusa tapi disaluyuan ku sajarah Kota Banjar baheula. Sakabéh karya anu diciptakeun miboga ajén atawa pedoman anu bisa dijadikeun cecekelan dina kahirupan. Ku kituna dina kasenian réog dongkol pangna ayeuna aya, mekar di Kota Banjar nandakeun ajén anu tangtu, maksud atawa gagasan ti nu nyiptakeunana nya éta tina hasil *pelestarian alam*. Dina kasenian réog dongkol lain ngan saukur nandakeun ajén *pelestarian alam* tapi aya ajén gotong royong anu katitén dina pintonan réog anu silih ajénan, silih lengkepan, jeung silih ingetan.

Saterusna kapanggih aya simbul pikeun cecekelan hirup manusa nya éta ditandaan ku waditra kohkol anu ditakolna ku cara dikorék. Simbul anu dimaksud nya éta nandakeun jarak kahirupan. Tina sora anu dihasilkeun “korék ... korék ...” mangrupa pépéling ka manusa sangkan leuwih ati-ati dina ngalaksanakeun kahirupan. Saumpama keur leumpang aya nu ngahalangan geuwat singkirkeun sangkan teu ngabahayakeun ka nu séjén. Lian ti éta kudu ayana balitungan dina ngalakonan kahirupan téh sangkan urang teu salah léngkah. Sabab dina hirup, urang teu bisa sagawayah, aya aturan-aturan anu ngatur sagala rupana.

Tina pakéan anu digunakeun nalika mintonkeun ieu kasenian ayana unsur basajan (*kesederhanaan*), tanda kawani anu disimbulkeun ku warna pangsi nya éta warna hideung. Kawani jeung tanggungjawab hayang mekarkeun kasenian anu aya di Kota Banjar katitén tina lagu poko anu sok dihaleuangkeun nalika minton nya éta lagu “Deungkleung Déngdék”.

Salaku kasenian anu aya tur mekar di Kota Banjar, réog dongkol méré mangpaat kana kabeungharan kabudayaan hususna kasenian Kota Banjar, umumna nambahan euyeubna kasenian Jawa Barat. Ku kareueus jeung ayana rasa tanggung jawab ka alam sarta tempat dimana nganjrekna, Pa Kasdi (warga Désa Karyamukti Kacamatan Pataruman Kota Banjar) nyiptakeun kasenian réog dongkol luyu jeung pangalaman sarta pamanggihna harita.

Oriéntasi ajén budaya luyu jeung pamadegan Kluckhohn patali jeung masalah dasar dina hirup anu kawengku dina kasenian réog dongkol nya éta:

1. Hakékat hirup (MH) anu nyebutkeun yén manusa kudu ihtiar sangkan hirup jadi hadé. Ku kituna, ayana ihtiar warga Désa Karyamukti dina ngungkulan

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar

Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kahirupanana hususna ngamekarkeun kaparigelan dina widang kasenian nya éta anu ngajanggélék jadi seni réog dongkol. Salah sahiji tarékah pikeun ngungkulan kahirupan sangkan hirup leuwih hadé.

2. Hakékat karya (MK) anu nyebutkeun yén karya seni réog dongkol mangrupa salah sahiji karya warga kota Banjar pikeun némbongkeun kalungguhan ayana Kota Banjar, pikeun kahormatan sangkan bisa dipikawanoh ku sakumna warga masarakat hususna warga Kota Banjar umumna warga Jawa Barat. Sabab ieu kasenian ngan saukur aya di Kota Banjar wungkul.
3. Sawangan manusa ngeunaan waktu (MW) anu nyebutkeun yén kasenian réog dongkol miboga oriéntasi pikeun mangsa kahareupna. Turunkeuneun ka generasi anu saterusna lain ngan saukur kasenian saharitaeun wungkul, bisa manjang pikeun maturan lumangsungna kahirupan Kota Banjar.
4. Sawangan manusa kana alam (MA) anu nyebutkeun manusa ngusahakeun bisa salawasna babarengan jeung alam, ngajaga tur ngariksa, sarta ngamangpaatkeun alam sakumaha kamampuh manusa jeung kabutuhanana saperti dina kasenian réog dongkol anu ngokolakeun awi pikeun waditra poho anu aya dina ieu kasenian.
5. Hakékat hubungan antara manusa jeung papada manusa (MM) anu katitén dina pintonan para pamaén kasenian réog dongkol anu silih gotongroyong nyiptakeun kasenian.

Saumpama dipatalikeun jeung ajén dasar anu aya dina kabudayaan, kasenian Réog Dongkol ngawengku:

- a. ajén tioritis, katitén tina sajarah kasenian Réog Dongkol;
- b. ajén ékonomi, katitén tina kauntungan anu dipibeunang ngaliwatan ieu kasenian;
- c. ajén religius, katitén tina paripolah para pamaén anu merhatikeun norma agama;
- d. ajén éstétik, katitén tina kaéndahan anu dihasilkeun ku waditra dina ieu kasenian, sarta sakabéh unsur anu ngarojong kana mintonna kasenian Réog Dongkol;

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- e. ajén politis, katitén tina struktur organisasi anu diwangun di sanggar kasenian Réog Dongkol, ayana pupuhu sanggar anu miboga tanggung jawab anu leuwih gedé ti anggota anu séjénna. Iwal ti éta, dina pintonan ogé ayana dalang anu ngatur kumaha dina bubuka sarta ahiran pintonan;
- f. ajén sosial, salaku simbul yén manusa mangrupa mahluk sosial, katitén tina ayana hubungan antara para pamaén, pamaén jeung anu nongton. Ayana silih ajénan jeung silih lengkepan nalika mintonkeun ieu kasenian.

Sangkan masarakat apal yén aya kasenian saperti kieu di Kota Banjar, saeutikna ieu kasenian bisa diasupkeun kana pangajaran di sakola. Salah sahijina dijieun dina wangun artikel pikeun bahan pangajaran hususna pikeun siswa SMP kelas IX dina kaparigelan maca.

5.2 Saran

Manusa tara leupas tina salah jeung kakurangan, kitu ogé ieu panalungtikan anu mangrupa hasil pamikiran manusa anu keur diajar pasti aya kakuranganana. Tapi najan kitu, mudah-mudahan ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabeungharan budaya hususna dina widang kasenian. Saetik lobana panyusun ngusulkeun saran khususna ka pihak anu patali jeung ieu hasil panalungtikan.

1. Pamaréntah

Salaku kabudayaan daérah, kasenian réog dongkol perlu ayana panitén ti pihak pamaréntah hususna, sangkan ieu kasenian bisa tuluy mekar di Kota Banjar. Tarékah anu bisa dilakukeun diantarana waé mintonkeun ieu kasenian di acara-acara anu dianggap penting di pamaréntahan kota sangkan masarakat sacara umumna apal kana ieu kasenian. Ku apal tangtu bakal aya rasa miboga nepi ka bisa milu ngamumulé ieu kasenian.

2. Guru basa Sunda

Sagala hal anu aya di sabudeureun kahirupan bisa dijadikeun bahan pangajaran pikeun pangdeudeul materi anu bisa ditepikeun. Sangkan murid

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

teu ngarasa bosen diperlukeun ayana kaparigelan dina ngokolakeun bahan pangajaran. Bahan pangajaran anu bisa digunakeun teu ngan saukur anu geus aya dina buku, majalah, koran, jsb. Tapi ku kaayaan lingkungan saperti kasenian anu dipimilik unggal daérah bisa dijieun bahan pangajaran anu diwujudkeun boh dina wangun artikel atawa carita dongéng, jsb. Lian ti numuwuhkeun pangaweruh, ku apalna siswa kana kasenian anu dipimilik ku daérahna hususna bisa muncul rasa miboga sarta ayana tarékah pikeun ngamumulé hasil karya dina éta wangun kasenian.



Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu